Пщэдей Урысей печатым и махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№2 (23.816) • 2019 гъэм щІышылэм (январым) и 12, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. Прокуратурэм и лэжьакІуэхэм я махуэмкІэ зэрехъуэхъур

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу фи Іэщ1агъэм ирилажьэхэм я махуэшхуэмкІэ - Урысей Федерацэм и Прокуратурэм и лэжьакІуэм и махуэмкІэ.

Езым и тхьдэм кърибыдзу Прокуратурэр къэрал, жылагъуэ шынагъуэншагъэр хъумэнымкІэ къэралым и правовой Іэхущ1апІэ пэрыту къокІуэкІ. Прокуратурэм и лэжьакІуэхэр сыт щыгъуи къыхощ я къалэным зэрыхуэпэжымкІэ, законымрэ захуагъэмрэ хъумэным зэрыхуэхьэзырымкІэ.

Ялэ итахэм я хабзэ гъуэзджэхэр ягъэбагъуэурэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прокуратурэм и лэжьакІуэхэм къапэщыт Іуэху гугъуэхэр икІи жэуаплныгъэ зыпылъхэр тэмэму ягъэзащІэ, щІэпхъаджащІэхэм, коррупцэм еб9ныныкІэ, Цыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэныкІэ яхуэфащэн лэжьыгъэ зэфІагъэкІ.

Щ1эч къытесхьэрхьым прокуратурэм и лэжьакІуэхэм законым и хъумакІуэ цІэр адэкІи зэрая1этынум, ди жылагъуэм и правовой, социально-политикэ зэпІэзэрытныгъэр зэрахъумэнум.

Узыншагъэ быдэ, насып, ефІэкІуэныгъэ фиІэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкум я фІыгъуэр вгъэбэгъуэным хуэгъэза лэжьыгъэшхуэм икІи жэуап зыпылъым ехьулІэныгъэхэр къыщыфхьыну сынывохъуэхъу.

Мишковэ Иринэ Василий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудитор къулыкъум гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудитор къулыкъум **Мишковэ Иринэ Василий и пхъур** гъэувыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщІым къыхилъхьам хэлпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «л» пунктымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и Іэухуі1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэмрэ япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудитор къулыкъум гъэувын Мишковэ Иринэ Василий и пхъур.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм дыгъэгъаазэм 20-м
№985-П-П

2018 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчётым и ІэухукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2018 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчётым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэлъагъуэ республикэ бюджетым и хэхъуэхэр, федеральнэ бюджетым щыщ дэІэпыкъуныгъэ къаІэрыхьэну яубзыхуауэ щытахэр хэмыту, сом мин 8000775,7-кІэ, нэгъуэщІу жьпІэмэ процент 68,3-кІэ зэрагъэзэщІар, апхуэдэуи хэхъуэ псомкІи сом мин 21743071,6-кІэ е процент 71,8-кІэ гъэзэщІа хъуащ. Республикэ бюджетым и хэщІхэр зытращІыхьам щыщу сом мин 20173933,0-кІэ е процент 65,4-кІэ гъэзэщІа хъуащ. Абы ипкъ иткІи зыхэплъэж лъхъэнэм тещІыхьауэ республикэ бюджетым сом мин 1569138,6-рэ къыдэхуащ.

ИщхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуахэр и лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

2018 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зрагъэзэщІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчётыр хъэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм дыгъэгъаазэм 20-м
№1001-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. Урысей печатым и махуэм теухуа и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Фи Іэщ1агъэм ирилажьэхэм я махуэшхуэмкІэ - Урысей печатым и махуэмкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу.

ПечатымкІэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм ди гъащІэм щІэ мыхьэнэр къыпхуэмылъытэну инщ. Фэращ, журналистхэрщ, цІыхубэм я гукъыдэжьр куэдкІэ зэлъытар, фэ жыфІэр зэхах, фэ дзыхь къыфхуащІ. Иджырей цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм, телевиденэм, Интернетым заужьа пэтми, печатыр цІыхухэр зыщІэупщІэ икІи зыхуэныкъуэ Іуэхущ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и газетхэмрэ журналхэмрэ я редакцэхэм щылажьэхэм Іуэхум зэрыхащІыкІыр, жэуап1ныныгъэ зэрахэлъыр, къэхъукъащІэхэр тэмэму икІи гурыІуэгъуэ къагъэлъэгъуну зэрыхущІэкъур зэпымыууэ нэрылъагъу къащІ икІи къаруушхуэ ирахьэлІэ цІыхубэм я гуащІэр зэщІэгъэуІуэным. Быдзу си фІэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм, ди Хэкум я фІыгъуэхэр гъэбэгъуэным фи къарумрэ зэфІэкІымрэ дяпэкІи зэрыхуэвунэтІынур.

Си гуапэу сынывохъуэхъу узыншагъэ, творческэ ехьулІэныгъэ, насып, ефІэкІуэныгъэ фиІэну.

● Журналистхэм я зэпеуэ

КъБР-м и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуауэ

КъБР-м и Парламентым ирегъэкІуэкІ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и лэжьыгъэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщыгъэлъэгъуэнымкІэ тхыгъэ нэхъыфІэр щагъэбелджылыну конкурс. Ар КъБР-м и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуауэ икІи Парламентым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр щыгъуазэ зэращІыр егъэфІэкІуэным хуэгъэпсащ.

КОНКУРСЫР номинацэу плІыуэ гуэщащ. Мыбы щауфыхунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыбзэхэмкІэ 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м щегъэжьауэ 2019 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м нэсыху цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къытрадза, Интернетым ираІъхьа, телевиденэмрэ радиомрэ къата лэжьыгъэ нэхъыфІхэр. Апхуэдэу конкурсыр езыгъэкІуэкІ комиссэм саугъэт хэхахэр иГъэувыну хуитщ.

Конкурсыр зэрекІуэкІымрэ абы хэтын папщІэ зыхуейхэмрэ щыгъуазэ зыщыфІщ хъунущ Парламентым и www.parlament.kbr.ru сайтым «Парламентым и лэжьыгъэр къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэ нэхъыфІхэр къыхэхьынымкІэ конкурс» и раздел къуэдзэм.

Конкурсым хэтынухэм я заявкэхэр 2019 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м нэсыху къыІахьынущ. Журналистхэм къагъэхьа лэжьыгъэхэм КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим зи пашэ эксперт советыр хэплъэнущ.

Конкурсым къырикІуахэр мэлыжьыхьэ мазэм и кІэухым къапщытэжьынущ. ТекІуэхэм дипломхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратынущ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ирегъэкІуэкІ щІалэгъуалэм законхэр къыдэгъэкІынымкІэ я жэрдэм нэхъыфІхэр къыхэхьынымтехуа зэпеуэ.

Законхэр къыдэгъэкІынымкІэ жэрдэм нэхъыфІхэм хоплъэ

«ЗАКОНХЭР къыдэгъэкІынымкІэ си жэрдэм» конкурсым къагъэхь лэжьыгъэхэр къыззгъэпэщащкІуэ комитетым къыІихьнущ 2019 гъэм гъатхэпэм и 1-м нэсыху.

Лэжьыгъэхэр къыщыІах мы адресымкІэ: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ №55, КъБР-м и Парламентым и Унэ, пэш №105.

Конкурсыр зэрекІуэкІым нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыфщІ хъунущ 42-60-84, 40-45-26 телефонхэмкІэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Хэкум и тхыдэр къызыхэщ лъэпкъ тхылъ

ЩІэныгъэм и лъэныкъуэкІэ сэбэпныгъышхуэ имыІэми, Къэбэрдеймрэ ис адыгэ лъэпкъ щхьэхуэхэм я къежьапІэр, я зэтеувэкІэр, зыужьыкІэр, абыхэм я цІыху пэрытхэм я зэфІэкІыр ІутыкІ къралъхьэну зэрыхущІэкъум икІи апхуэдэ хъыбархэр щызэхуэхьэса тхылъхэр къыдэгъэкІыныр хабзэ хъууэ зэрыхуежьам зэраныгъэ гуэри пылъу къыщІэкІынукъым. Уеблэмэ, яп9 ита щІэблэхэм я щапхъэм дэтхэнэри егъэгушхуэ, и щхьэр нэхъ лъагэу ирегъэлъагъуж. Пэжщ, егъэлеиныгъэ гуэрхэр щалэщІэкІ, тхыдэм и пэжым къемызэгъыу «зыщыщагъауэ» къызэрыхури бзыщІын хуейкъым. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэр узыгъэукІытэщ икІи абы лъэпкъыр зэи игъэлъапІэнукъым.

АПХУЭДЭ гупсысэхэр си щхьэм илъу хъэсщтащ зы мазэ хуэдиз и пэкІэ Краснодар къалэм къыщыдэкІа «Тэнащхэ я лъэпкъыр Джылахьстэнеймрэ Къэбэрдеймрэ я тхыдэм къызэрыхэщыжыр» тхылъышхуэр.

Занщ1эу жысІэнщи, полиграфие и лъэныкъуэкІэ уГбэдыхьэмэ, мыр и зэгъэуІуэкІэкІи, къагъэсэбэп1а тхылъымпІэмрэ лэчхэмкІи, сурэтхэм, тхыгъэхэм я къабзагъэмкІи, художникым и лэжьыгъэмкІи икъуэкІэ нэгъэсащ. Нэхъ гуапэжыр арщи, апхуэдиз дахагъэмкІэ гъэщІэрэщІа тхылъым хуэфэщэн купщІи иІэу къыщІэкІащ.

И Іэщагъэкіэ авторыр тхыдэ щІэныгъэм зыкІи пымыщІами (Тэнащ Руслан зыхуеджар электроникэрщ, «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэм Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округэр къызэщІэзыубыдэ и Іуэхущ1апІэм коммерцэмкІэ и унафэщІу илъэс куэд льандэрэ мэлажьэ), зыхуежьа Іуэхум удэзыхьэхын бгъэдыхьэкІэ къыхуигъуэтащ. Мыбы зы щІыпІи къыщигъэсэбэпакъым «зэрыжаІэжьамкІэ», «хъыбару къокІуэкІ» псалъэхэр. Тэнащхэ я къекІуэкІыкІар абы къреджыкІ Мэзкую къэралыгъуэм, Адыгэ хэкум, Къэбэрдейм я тхыдэ гъуджэм икІи сыт хуэдэ гупсысэми и щІагъым архив тхыгъэхэр, документ пыухыкІахэр, хамэ къэрал зекІуэлІхэм къагъэна щыхьэт тхылъхэр, щІэныгъэлІхэм я къэхутэныгъэхэр щІэлъщ.

Фы и лъэныкъуэкІэ мы тхылъым хужыпІэн гъунэжу бгъуэтынущ, ауэ а псоми ящыщу зы закъуэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ: генеалогие къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІынымкІэ методологие убзыхуа, нэгъэса зэкІэ щІыпкъым, икІи абы и лъэныкъуэкІэ щапхъэу бгъэлъагъуэ хъун лэжьыгъэщ зи гугъу сщІыр.

Мыри щІызгъуэжынщ. Мы тхылъым къызэщІиубыдэр XVI ліащІыгъуэм и щІэгъэжьауэ XX ліащІыгъуэм и пэщІэдзэм нэс лъэхъэнэрщи, адэкІэ иджыри тхылъитІ къыкІэлъыкІуэнущ. Щэч хэлъкъым ахэр Тэнащ лъэпкъым я щІэблэ куэдым зэІэпахыу зэрахъумэнум. Ауэ тхыдэм дихьэхэм, Адыгэ хэкум, хэхуэу Къэбэрдейм, я къекІуэкІыкІэр къэзыхутэжхэм я дежкІи мыр икъуэкІэ щхьэпэнущ. Ар уи фІэщ ещІ ялэ тхылъыр и купщІэкІэ зэрыкъулейм, ялэкІэ дунейм къытемыхьа документ куэд зэритым.

ТЕМРОКЪУЭ Алий.

Ди лъэпкъ гъуаздж1эм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыщІахэм, зэи хэмыгъуэщэжьи лъэужь абы къыхэзыпахэм ящыщщ, пшынауэ Іэзэу щытА, РСФСР-м, КъБАССР-м я цІыхубэ артистхэ Къашергъэ (Тамбий) КІуращэ Исмел и пхъур.

1899 гъэм щІышылэм и 11-м Къуэшыркъуей къуажэм къыщалъхуа хъыджэбзым и псэм макъамэр хэпщІа зэрыхъуам, абы и гъащІэмрэ и лэжьэкІамрэ теухуа тхыгъэ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэм тетынущ.

● Налшык къалэ

ЩІалэгъуалэм щапхъэ яІэн папщІэ

Ветеранхэм я Налшык къалэ советым иригъэкІуэкІащ къыдэкІуэтей щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъхьэным теухуауэ лъэпкъ щэнхабзэмкІэ центрхэмрэ дин Іуэхущ1апІэхэмрэ зэфІагъэкІ лэжьыгъэхэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ.

«СТІОЛ хъурей» зэпсэлъэныгъэхэм къыщаІэтащ щІалэгъуалэр щапхъэ Іейхэм демыгъэхьэхьным, абыхэм щІэныгъэ ябгъэдэлъхьэным, лъэпкъ хабзэхэм щІэпыкІыным ехьэлІауэ нобэ щІапхъэхэр.

КъБР-м щыІэ лъэпкъ щэнхабзэ центр зэмылІэужьыгъуэхэм, дин Іуэхущ1апІэхэм къабгъэдэкІыу зэхьхьэм хэтахэм яхуэгъэзауэ «Вече» урыс щэнхабзэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Канунников Анатолий жиІащ: «Зэманыр щІалэгъуалэм зэрепсалъэр рекламэрэ интернетыбзэкІэщ. Абыхэм я зэранкІэ ахэр зэпэІэщІэ мэхъу. Нэхъ Іейращи, къалъытэ хъуащ зыхуей псор икІэщІыпІэкІэ къаІэрыхьэн хуейуэ. ЩІэблэ узыншэ диІэну дыхуеймэ, абыхэм щІэх-щІэхьыурэ даІущ1апхъэщ.

ЗэІущІэм хэтхэм къыхагъэщащ дэтхэнэ зы лъэпкъым и щэнхабзэми, зэрахьэ динми мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ я лъабжьэу къызэрекІуэкІыр, а фІыгъуэр щІэблэми тегъэщ1апІэу яІэн зэрыхуейр. ЗэІущІэр къызэригъэпэщащ Налшык къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмкІэ и къудамэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЕгъэджакІуэхэмрэ дохутырхэмрэ тыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ фахуэупсэну фыхуитщ

«Урысей зэкъуэтым» егъэджакІуэхэмрэ дохутырхэмрэ тыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къеІызыхыну хуимыт къулыкъущІэхэм яхэбжьэным теухуауэ Правительствэм къыхилъхьа законопроектым хуэгъэза зэхъуэкІыныгъэхэр егъэхьэзыр. Апхуэдэу жиІащ «Иджырей школ» парт проектым и убзыхуакІуэ, Къэрал Думэм и депутат Аршиновэ Алёнэ.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр яхуэгъэзащ тыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыхуащІыну хуимыт къулыкъущІэхэм егъэджакІуэхэмрэ дохутырхэмрэ къахэгъэкІыжьыным. Псом яп9у зэгугъуи хуейр а Іэнатіэ мытынышхэм Іутхэм я псэукІэр, лэжьэкІэр егъэфІэкІуэныр, къупищащ Аршиновэ Алёнэ.

«Урысей зэкъуэт» партым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Узыншагъэ

ФІагъ лъагэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэм къахохъуэ

2019 гъэм процент 15,7-кІэ хэхъуэнущ фІагъ лъагэ зиІэ технологиехэр къаГъэсэбэпурэ ящІэ медицинэ Іэуэхутхъэбзэхэм я бжыгъэм. Сом мелуан 450-м щІигъу текІуадзу апхуэдэ Іэуэхугъуэу 2430-рэ зэфІагъэкІыну я мурадщ. Ар фІагъ лъагэ зиІэ технологиехэр къаГъэсэбэпурэ ящІэ медицинэ Іэуэхутхъэбзэхэр Къэрал щэсыпІэмкІэ программэм ялэу щыхагъэхьа 2015 гъэм елъытауэ тхуКІэ нэхъыбзщ.

ХЭХЪУАЩ Іэуэхутхъэбзэхэр зэрыхуащІэну медицинэ унэтІыныгъэхэми: «травмотология-ортопедия», «Гу-лъэнтхуэ хирургие», «абдоминальная хирургия», «нейрохирургия», «акушерство и гинекология», «онкология», «урология», «офтальмология», «жьэпкъ-нэпкъ хирургие», «неонатология».

Иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ тэмэму кІыззрызэгъэпэщащ и фІыгъкІэ щІыналъэм и Іуэхущ1ІапІэм 7-м - Республикэ клиникэ сымаджэщым, Кардиоцентрым, Къалэ клиникэ сымаджэщхэу №№1, 2-м, Перинатальнэ центрым, Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым, Нарткъалэ дэт унэтІыныгъэ зыбжанэ зиІэ районхэм зэдай сымаджэщым - фІагъ лъагэ зиІэ технологиехэр къаГъэсэбэпурэ медицинэ Іэуэхутхъэбзэхэр щащІэ. Мыгувэу апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэхэр цІыхухэм щагъуэтынущ «Си-мед», «Ленар» уней клиникэхэм.

«ФІагъ лъагэ зиІэ технологиехэр къаГъэсэбэпурэ медицинэ Іэуэхутхъэбзэхэр щІэныр узыншагъэр хъумэныжкІэ Іэнатіэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ, - жиІащ КъБР-м узыншагъэр хъумэныжкІэ и министр Хъубий Марат. - Иджырей еІэзэгІэкІэр Іэнатіэм къыззэрыдгъэхьэм ди цІыхухэм Іэмал къарет республикэм имыкІыу фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр ягъуэтыну».

ЩОМАХУЭ Лилие,
КъБР-м узыншагъэр хъумэныжкІэ и министрым и дэІэпыкъуэгъу.

● ДифІ догъэтъапІэ

Саугъэтхэмрэ хъуэхъухэмрэ

Илъэсыщ1эм и пэ къихуэу Бахъсэн щІыналъэм щагъэлъапІащ спортым и ветеранхэр. АбыкІэ хьыбар къыдигъэщІащ щІыналъэм и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Чылар Аринэ. ЩІэблэщІэр гъэсэным зи гъащІэр хуэзэныха спортым и ветеранхэм саугъэтхэр яритащ икІи хъуэхъу псалъэхэмкІэ захуигъэзащ БахъсэН районым администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Іэхъуэбгъч Андзор.

«КЪЫГУЭХЫПІЭ имыІэу, фэращи фІыгъэр спорт лІэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ спортсмен щІэрыІуэхэр ди лъэпкым къызэрыхэкІыр, нэхъапэм плъапІэу щыта лъагапІэхэр абыхэм ящыкІалъхьуІэр. КъищынэмыщІауэ, лэжьыгъэшхуэ ивохьэлІэ районым физическэ щэнхабзэм зыщиужьыным», - къыхигъэщащ Іэхъуэбгъч Андзор.

Щ1ыхь тхьылъэмрэ медалэхэмрэ ираташ атлетикэ хьэпъэмкІэ спортым и мастерхэу Іухъу Хьэсэнрэ Іэпщэ Анатолэрэ, бэнэкІэ хуитымкІэ спортым и мастерхэу Къанщауэ Герман, Мамыкіэ Руслан, Ламп1эжь Хьэсэн, Улымбай МутІэлиф, Шопаерэ Шопаегуэ сымэ, футболымкІэ спортым и мастерым и кандидат Къундет Къадир, Мэлыхъэу Мухьадин, Хьэх Ратмир, Елмэс Сэлим сымэ, шахматхэмкІэ спортым и мастер Джэдгъэф Чэмал, Іэпщэрыбанэ зэзауэхэмкІэ спортым и мастер Мамхэгъ Чэрим, шахматхэмкІэ спортым и мастерым и кандидат Хьэх Анатолэ, тхэквондомкІэ спортым и мастер Щокъарэ Хьэзрэталий.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Фэеплъ

Апхуэдэт Тхьэзэплъыр

Адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ, «Литературнай Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик, �щІДАА-м и щІэныгъэлІ-секретарь, УФ-м и ТхакІуэхэмэ Журналистхэмэ и союзэхэм хэт, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Лермонтов Михаил и цІэр зезыхьэ дыщэ медалыр, Урысейм и литературэ саугъэт иныр, щытхъу, щІыхь тхьылъэр зыхуагъэфэща Тхьэзэплъ Хьэсэн гуапагъэ куэд мы щІылъэм щызыгуэшахэм ящыщщ. Къэсейхьэблэ (Бахъсэнёнкэ) къуажэмрэ абы дэсхэмрэ фІыгъэ зыпхъагъуу щыта усакІуэр дунейм зэрехьжар щхьэжэ тщыхъуащ.

ХЬЭСЭН си дыщымкІэ ди пхуэрылъхут. Гъэщ1эгъэныракъэ, гу зэрылъытт1эщи, ди зэманым апхуэдэ благъэхэр зэфІокІуэдыж е зэкІэпыкІуэхэрхьым, ауэ Тхьэзэплъыр абыхэм ящыщтэкъым, и адэ-анэ я лъэныкъуэкІэ и благъэ жьыжьэхэри зэрызригъэщІыхуэм, зэракІэлъыкІуэным и ужь итт. ДызэрыцІыхуэ нэужь, Хьэсэн анэкъиІлъэм хуэдэу кІыскъуэгуапэу кІыз1бгъэдэтащ.

Ди кІуэжьэм сыт хуэдэ Іуэху дахэ кІыщ1етхьэжьэми, Хьэсэн фІэфІу кІыддиІыгът. Ар цІыху пэжт, зи Іуэхущ1афэмрэ псалъэмрэ зэтехуэт, зыхуэмыІыэзэ Іуэхурэ зыхэмызагъэрэ кІэгъуэтыгъуейт.

Гъащ1эр щыдухьнур зыми тщІэркъым, ауэ апхуэдэу гуащІафІэу, гумащІэу, псэ къабзэу дунейм тетауэ ахърэтым кІуэжьм и насыпщ! Ахърэт нэху Алыхьым кІуит, жэнэткІэ уигъэгугъэ, си дэлъху цІыкІу! Нобж укъытхэтщ, удиГусэщ! Къэсейхьэблэ жьыпм и щІэблэр, укъэзыщІыхуу щыта псори, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэри, кІуажэ егъэджакІуэхэри дыпхуощІыгъуэ. Нобж дигу укъинэжащ нэфІэгуфІэу, угъурлыгъэр кІызырих уи нэгур гуапагъэкІэ гъэнщІауэ. Мы усэри уи фэеплъщ, Хьэсэн!

ЩІэтщ си нэгум

Тетащ дунейм и Іэгу и Іэнэу,
Хуэзфі1экІыу зы кІымыгъанэу.
Егуэпэкіт нэхъыжьи нэхъыщІи,
Хуэдэт пІащІэу игъакІуэ гъащІэр.
Къильэтыхьт хьэндырабгъуэу
щІылъэр:
«Схунэмысым нэсхусыну си лъэр», -
ЖиІэ хуэдэу гуапагъэр игуэшт.
Іуэху ныкъуэщІэ къигъанэу, тезашэу
КъикІуэтыжхэм Хьэсэн ящымыщт.
И усэбзэр дахэу бзэрабзэт,
И къалэмыр и Іащэ екІут.
Гуэвзагъуэм ар хуэгумахэт,
Зи гуфІэгъуэм и Іуэху диІэт.
Іуэху къыкъуэкІым - и гуащІэ
щымысхьт.
ФІым ныпэлльэу къигъэст и пщэдейр.
Къыздэткіуащ гъуэгуанэ мыкІыхьу,
Гуауи гуапи щыкуэд мы дунейм.
Щ1этщ си игум Хьэсэн
къыскуэгуфІэу,
Къыслъигъэсу псэм щыщу гуапагъ...
Псалъэ Іущхэр мы си гум щызгъафІэу,
Ди Хьэсэн, сэ нобэ сыпхуогъ.

ЗЗГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ,
КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, усакІуэ.

● Ди махуэгъэпс

Домбейхэм я тІысыпІэ Кавказ щІыналъэ

Дыкъэзыуэхьуреихь дунейм хэхауэ яхьумэ и щІыпІэхэр (мэзкъуэдыхэмрэ мэзгъэпІэнхэмрэ) Іэмалыфіщ щІыуэпсыр зэрыщытам хуэдэу зэзгъэтгъэнэныкІэ.

ЦІЫХУІЭ зыльэмыІэса щІыуэпсыр хъумэныжкІэ центрым и жэрдэмкІэ, 1997 гъэм ди къаралым ягъуэ щагъэлъэпІауэ щытащ Мэзкъуэдыхэмрэ лъэпкъ паркхэмрэ я махуэр.

Урысейм ягъуэ мэзгъэфІэн къыщыщІэзгъэпэщауэ щытар 1916 гъэм дыгъэгъаззм и 26-ращ (махуэрыбжэщІэмкІэ - 1917 гъэм щІышылэм и 11-рщ). Ар къыщыхъуар Бурятие щІыналъэрщ. Ягъуэ дунейпсо зауэм и гуащІэгъуэу, Байкал хыжьейм къеГъэщІылІа Баргузин шытхэм къызкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ и джабэщІым къыщІынэхуащ хэхауэ яхьумэ щІыпІэ щхьэхуэ. Ар нобэр къыздэсми мэлажьэ.

УФ-м щІыуэпсым хэхауэ яхьумэ и щІыпІэу 100-м щІигъу итщи, я Іыхьэ щанэр ЮНЕСКО-м и биосферэ хъумалъэу икІи дыкъэзыхуъуреихь дунейм и хъугъуэфІыгъуалъэ нэхъ тельыджэхэм хальытэ. Кавказ биосферэр мэзкъуэдыр абыхэм ящыщ зыщи, абы хуэхэ щІыгум къызщІеубыдэ иджырей Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ я щІыгум щыщу бгыщхьэхэмкІэ щыІэхэр.

Зы пъэхъэнэм къриубыдэу, тхыдэмрэ щІыуэпсымрэ зэдзэшІыгъэза зэщІымыщІхъуныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къыщІэкІащ Къхьэпі1э Кавказыр ижь-ижьыж лъандэрэ зи псэупІэу щыта адыгэхэмрэ абазэхэмрэ зэхэзэхуэ ящІу, я щІыналъэр зэрырагъэбгынамрэ а лъэныкъуэмкІэ щыІэ бгылъэ-мэзыльэхэм куэду щІэса псэущхьэ тельыджэхэр, абы хэмэ домбейхэри (зубр) яхэту, зэрызэтрауКІамрэ.

ЩІэныгъэлІ-зоологхэм, тхыдэр я тегъэщІапІэу, къызэрахутамкІэ, Адыгэ Республикэм щежэх Щхьэгуащ и псыхъуащхьэхэр, псом хуэмыдэжу МэлкІапэ псы бгъунжьым и кІейр, домбейхэм я тІысыпІэт икІи, зэрыхуагъэфащэмкІэ, мы щІыпІэхэм абыхэм я бжыгъэр мини 2-м нЫщІэзэрыхьэсщт.

Домбейхэм ящІыщу къызэтенахэми мэз Іувыжьхэм нэхъ льагэжу зыщІагъэпщкІуащ.

Кавказ зауэр иухыу илъэс 50 дэкІа иужькІэ Урысей къэралыгъуэжьым и тетхэр къэуващ адыгэхэр зэрыса щІыпІэхэм къыщыхэтена домбей закъуэтІакъуэхэр хьумэн зэрыхуейм и тельхьэу. А Іуэхугъуэм щІыпІэрыс браконьерхэр апхуэдизу иризэгуэпати, псэущхь тельыджэхэм ящІыщ зрихьэлІэхэм укІыкІейр къыхуагъакІуэрт, я фэми ялми зэрыхуэныкъуэ щымыІэми, «домбейхэр дунейм темытыжмэ, сыт ящІэн - мыдрей хьэкІэжъхуэкІэхэр къыдагъэщэкІункъэ?!» - жаІэрт.

Граждан зауэри домбейхэм яхуэщІабжьым - браконьерхэми, мэзхэм зыщызыгъэпщкІуа бзаджащІэхэми ахэр щыхьыншэу зэтрауКІащ. Абы и ужькІэ, 1924 гъэм, РСФСР-м и Совнаркомым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ ягъуэ щытащ Кавказ биосферэ мэзгъэфІэнкІэ (мэзкъуэдыр). Арщхьэкіэ, домбейр а лъэхъэнэхэм хуэзэу кІуэдыжьыпэным нэсат икІи ар куэд дыдэ дэмыкІыуи къэхуащ. 1927 гъэ КъухьэпІэ Кавказэр зи хэщІапІэу щыта домбей хъущхэм ящыщу къэнэжауэ щыта закъуэри щаукІыжа илъэсщ.

Ди зэманым мэзгъэфІэным и зоологхэм Кавказым домбейхэр щыгъэбгъуэжьыным хуэгъэзауэ мурадыфІхэр яІэщ: Украинэм щыІэ Аскания-Нова мэзкъуэдым гибрид щІыкІэм тету къыщагъэхьуауэ щыта зубробизон лІэужьыгъуэщІэмэ зоопаркэм къыщыщэтена, лъы къабзэ зыщІэт зубрхэмрэ къытрагъэпщІыкІыжу, Кавказым домбей хъушэщІэ щызэрагъэпэщыжьыну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Театрым и илъэс

Режиссёр Фырэ Руслан куэд дыдэ хузэфІокІ

Щ1оджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхь Къэбзэрдей къэрал драмэ театрым 2018 гъэ Іуэхуфіхэмкіэ, гукъинэж спектаклыщІэхэмкІэ, зэпеуэ гъэщІэгъуэнхэмкІэ игъэнщІащ.

МЫ ИЛЪЭСЫМ абы щагъэува спектакль гукъинэжхэм ящыщщ: «Визит дамы» (Дюрренматт Ф., зыгъэувар Осетие Ищхъэрэ - Аланием и цІыхубэ артист Попов Валерийщ), «Хьэжьэ1жьэ» (Касон А., зыгъэувар УФ-м, КъБР-м, Абхъазым щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, УФ-м и Правительствэм и саугъэтым и лауреат Фырэ Руслан), «Си адэшхуэм фыз кІыззэришэжар» (Гецадзе А., зыгъэувар Фырэ Руслан), нэгъуэщІхэри.

ТеатрепІхэм фІыуэ ялъэгъуа спектакль кІыхьэхэр Ставрополь, Есэнтіыгу, Ярославль кІалэхэм утыку кІыщрахьащ. УФ-м и театр гъуазджэм зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ театрым и лъабжьэр ди къаралым щызыгъэтІылъауэ кІалъытэ Волков Фёдор и цІэкІэ екІуэкІа XIX дунейпсо фестивалым КъБР-м и цІыхубэ артистхэ ЖьакІэмыхъу КІынэ УФ-м и Правительствэм и саугъэтыр кІыщІыхуагъэфэщащ. КъыхэгъэщІитхъэщ, илъэс къэс ирагъэкІуэкІ а фестивалым ди лъэпкъ театрыр иджы ягъуэ хэтами, цІыхухэм хуабжьу ягу ирихьу я спектаклхэм зэрелпъар.

Труппэм зыкъыщагъэлъэгъуащ Щэшэным, Адыгеим я лъэпкъ театрхэм, гуащэ театрым «Красная шапочка» таурыхъыр ягъуэ утыку кІыщрахьащ.

Псапащ1э Іуэхухэми хуэжьыдэрщ театрыр - унагъуэ хуэмыщІахэм кІыІэхэкІахэр, сабий унэхэм щапІкър, зи Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэхэр, ветеранхэр, УФСИН-м и лэжьакІуэхэр театрым щІэнэнсу щІагъэхьэ. Къыдэкіуэтей щІэблэр театр гъуазджэм дегъэхьэхьныжмкІи кІалэн пІуыкІакІэр ялэжь, сабий садхэм, курыт еджапІэхэм щІэсхэр, студентхэр щІэхщІэхуэрэ къраШалІэ.

Къэбэрдей театрым и утыр нэгъуэщІ Іуэхуфіхэмкіи гъэнщІауэ щытащ. А псори къэплъытэмэ, жьыпІэ хъунущ республикэм и щэнхабзэ дунейм лъэпкъ театрым уВыпІэ щхьэхуэ зэрыщиубыдыр, цІыхухэм художественнэ зэхэщІкІ, эстетикэ зыщыжьыныгъэ егъэгъуэтыныжмкІэ кІалэн инхэр зэрызэфІагъэкІыр.

2019 гъэр Театрым и илъэсу ди къаралым щагъэуващ. Дыщогугъ фІы куэд абы щагъэхуэящ, къаралым и лъэныкъуэкІэ ягъуэт гулъытэм, зэхэщІыкІым хэхъуэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Дэ къытхуатх

ЩымыгуфІыкІар хэт!

Тэрч щІыналъэм и Интернациональнэ жылагъуэм щыпсэу сабийхэр ягъэгуфІащ.

АДЭ-АНЭХЭР куэд щІауэ гугъу ехьырт цІыкІухэм я нэгу зыщІужьыр джэгупІэ хуит зэрамыІэм къыхэкІыу. Иджыблагъэ абыхэм хуащІа тыгъэм щымыгуфІыкІа къуажэм къыщыхьаныкъ. Тэрч районым и администрацэм и Іэтащхьэ Дадэ МуІэдэр Интернациональнэм и администрацэм и унафэщІ Хьаний Владимиррэ я жэрдэмкІэ жылэм щаухуащ аттракционхэр зыхэт джэгупІэ. Сабий нэхъ цІыкІу дыдэхэм папщІэ абы хэтщ пшахъуалъэ, хъыринэхэр, къежэхыпІэхэр, пкІэльейхэр. Нэхъ къыдэкІуэтея сабийхэр школ нэужьым щытеун, я узыншагъри щрагъэфІэкІуэн папщІэ турникхэр яГъуащ, яІэщ топ джагуплІ. НэгуэгъуэжьыпІэр адэ-анэжэмкІи тынщ, я унэхэм пэмыжьжьэу, сабийхэми я нэІэ тету зэрыщытымкІэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мы махуэхэм

ЩІышылэм и 12, щэбэт

♦Урысей Федерацэм и прокуратурэм и лэжьакІуэм и махуэщ, 1722 гъэм Пётр Езанэм къэрал органыщІэ - Урысейм и прокуратурэр - къыззэрыгъэпэщащ. Урысейм и яп1э прокурору ягъуэват Ягужинский Павел.

♦1820 гъэм Инджылызым къыщыззэрагъэпэщащ Пащтыхьыгъуэм и астрономие зэгухьэныгъэ.

♦1922 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс АО-р къэунэхуащ.

♦1936 гъэм «Локомотив» спорт зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Висл1э, Одер псыхэм деж щебГъэрыкІуэн щІадзащ. ЩІышылэм и 12 - мазаем и 3-хэм екІуэкІа а заузшхуэм мыхьэнэшхуэ иІащ Польшэр фашистыдзэхэм къаІэщІэгъэкІыжьынымкІэ.

♦1950 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыщтащ Хэкум епцІыжахэм, нэгъуэщІ щІэпхьаджагъэ хьэлъэ зылэжьахэм я судыр укІкІэ ящІэну хуит зыщІ унафэ. Ди къэралр абы тетащ 1996 гъэ пщІондэ.

♦Франджы тхакІуэ, усакІуэ, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа таурыхъ куэд зи къаІэмыпІэм къыщІэкІа **Перро Шарль** къызэралъхурэ илъэс 391-рэ ирокъу.

Джон Гриффит Чейниц) къызэралъхурэ илъэси 143-рэ ирокъу.

♦Совет физик цІэрыІуэ, СССР-м яп1э атомнэ бомбэ щызыщІа гупым и унэтІакІуэу щыта **Курчатов Игорь** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Академик, Социалист Лэжьыгъэм тІэунейрэ и І1ыхьэжь **Королёв Сергей** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, РСФСР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Къэтхъэн Чэрим** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Композитор, пианист цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Паулс Раймонд** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦ЩІДАА-м и академик, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и унафэщІ **Уэхъутэ Александр** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артистэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Литвиновэ Ренатэ** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 5, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

ЩІышылэм и 13, тхъэмахуэ

♦Урысей Печатым и махуэщ. УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1991 гъэм дыгъэгъаззм и 28-м къыщта унафэм ипкъ иткІэ ягъэуващ.

♦1703 гъэм Пётр Езанэм и унафэкІэ къыщэкІащ «Ведомости о военных и иных делах» урысейпсо газетым и яп1э номерыр.

♦1830 гъэм «Литературная газета» газетым и яп1э номерыр къыдэкІащ.

♦1858 гъэм къагъэсэбэпу щІадзащ яп1э урысей пощт маркэр.

♦1872 гъэм Урысейм лэжьэн щІащІидзащ дуней щытыкІэм кІэльыпІэ, къэунэхуну махуэм ар зыхуэдэнур къэзыхутэ Іуэхущ1апІэм.

♦1874 гъэм Урысейм и пащтыхь Александр II къыдигъэкІащ «Дзэм къулыкъу щыщІэным теухуа Уставыр». Зи ныбжьыр илъэс 21-рэ ирикъуэ щІыкъухъум абы къалэн щищІырт къэралым къулыкъу хуищІэн хуейуэ.

♦Физик цІэрыІуэ, СССР-мрэ Украинэмрэ щІэныгъэхэмкІэ я академиехэм я академик **Лифшиц Илья** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІ, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Уэрдокъуэ Женя** къыщалъхуа махуэщ.

♦Актрисэ, режиссёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Алексимовэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щІыІэр градуси 4 - 2 щыхъунущ.

ЩІышылэм и 14, блыщхьэ

♦Махуэгъэпсыжьымкіэ (Юлиан еймкІэ) Илъэсыщ1эм и яп1э махуэщ

♦Узбекистаным щагъэлъапІэ Хэкум и хъумакІуэм и махуэр

♦1700 гъэм Пётр Езанэм унафэ ищІащ европэ къэралхэм щыпсэуэхэм я щыгъынхэм хуэдэжмкІэ пщы псоми захуэпэн хуейуэ.

♦1814 гъэм Санкт-Петербург къыщызэІуахащ Императорыи и библиотекэр. Абы тхылъ къыІах хъунут апхуэдэ гупыж зыщІ дэтхэнэми.

♦1921 гъэм Налшык къыщыкІэІуахащ къэрал библиотекэ.

♦1929 гъэм Москва областыр къызэрагъэпэщащ.

♦Адыгэпщ, Урысейм и къэрал лъжьакІуэ, дзэ къулыкъущІэ **Черкасский Дмитрий (Къанщауэ)** къызэралъхурэ илъэс 438-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакІуэ **ЩакІуэ Талъостэн** къызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, Сталиным и цІэкІэ щыІа саугъэтыр зрата **Рыбаков Анатолий** (и унэцІэ дыдэр **Наумовщ**) къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шэвлокъуэ Валентин** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, уэрэджыІакІуэ **Уэтэр Анатолэ** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист, Олимп джэгухэм тІэунейрэ (1972, 1976 гъэхэм) щытекІуа, дунейми Европэми мыззмытІэу я чемпион щыта **Харламов Валерий** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Емуз Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Самохинэ Аннэ** къызэралъхурэ илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3, жэщым щІыІэр градуси 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узылъыхъуэр лъапІэ мэхъу.

● КъБР-м и МВД-м къет

Афияным зыщахъумэным къыхураджэ

«Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ я шынагъуэншагъэмрэ теухуауэ» урысейпсо акцэм и етІуанэ Іыхьэм хиубыдэ Іуэху Дзэлыкъуэ районым щекІуэкІащ», - къет КъБР-м щІыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэм.

КъБР-м щІыІэ МВД-м Наркотикэр зегъэкІуэным кІэлъыплъныжмкІэ и управленэмрэ Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районым щІэ хъудамэм Балигъ мыхъуахэм я Іуэхущ1эмкІэ и Іэнатіэм я лэжьакІуэхэм Щордакъ къуажэм дэт школым щрагъэкІуэкІащ акъылыр зыгъэутхъуэ, узыншагъэм зэран хуэхъу вещественнэ зэпхьэлІэ зэрымыхьуным, апхуэдэ щ1ыхьхьэр къэзыгъэсэбэпхэм къащащІыкІэ щхьэнуэм теухуа псалъэмакъ. Абы едэІуащ Щордакъ, Белокаменскэ къуажэхэм дэт еджапІэхэм я 9 - 11-нэ классхэм щІэсхэмрэ абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ.

Зэ1ущІэм хэтахэм ягу къагъэкІыжащ наркотикыр хабзэм къемызэгъыу игъэкІыным пыщІа щІэпхьаджагъэ зылэжьхэм жэуаплныныгъэ зэрахьэр, тепсэлъыхьащ, щІыхум и Іэпкъ-лъэпкъыр зэтезыхьутэ наркотикхэкІэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ вещественнэ зэхьэлІэным кърикІуэхэм, апхуэдэуи ныбжьыщІэхэр зыщІэупщІахэм жэуап иратащ.

- Ди къару псори хузэнэтІащ афияным пащтыным, фэри апхуэдэ щІэпхьаджагъэхэм фыхащэнкІэ къэмыгъэхъуным. Зэ нэхъ мыхъуми наркотик зэфхьэлІэну къыфхуэзыгъэлъэгъуэхэм фемыдаІуэ, абы фи къэкІуэну гъащІэр зэридзэкІынущ, - къыхагъэщащ абыхэм.

Хьэщ1эхэм ныбжьыщ1эхэр къыхураджащ мыхъумыщ1агъэхэм зыдрамыгъэхьэныну.

БАХЪСЭН Ланэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ тхьэмадэ 85

Къалмыкъ Юрэ Хьэбзэ къуажэм зыщегъэпсэху. *1962 гъэ*

Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр

♦**1934 гъэм щІыШылэм и 1-м** - Кавказ Ищхъэрэ крайм хыхьэ Шэрджэс автоном областым (иджы Къэрэшэй-Шэрджэс Республикэм) щыщ Абазакт къуажэм къыщалъхуащ.

♦**1942 - 1944 гъэхэм** - Абазакт къуажэм дэт школым и еджакІуэщ.

♦**1945 - 1949 гъэхэм** - Черкесск дэт курыт школ №9-м, иужькІэ №2-м щеджащ.

♦**1949 - 1952 гъэхэм** - Черкесск дэт медучилищэм и студентщ. «Фельдшер» ІэщІагъэр иІэу къыхуащ.

♦**1952 - 1954 гъэхэм** - Калининым и цІэр зезыхьэ Ленинград юридическэ институтым и студентщ.

♦**1954 - 1957 гъэхэм** - Ждановым и цІэр зезыхьэ Ленинград къэрал университетым и юридическэ факультетым и студентщ.

♦**1957 гъэм и мэкъуауэгъуэм** - Ждановым и цІэр зезыхьэ Ленинград къэрал университетыр къыухащ, «юрист» квалификацІэр, «правоведение» ІэщІагъэр иІэу.

♦**1957 - 1959 гъэхэм** - Ставрополь крайм хыхьэ Къэрэшэй-Шэрджэс автоном областым и Хьэбзэ районым и цІыхубэ судыщІэщ.

♦**1959 - 1962 гъэхэм** - Курский и цІэр зезыхьэ Саратов юридическэ институтым и аспирантщ.

♦**1962 - 1989 гъэхэм** - Курский и цІэр зезыхьэ Саратов юридическэ институтым граждан хуитыныгъэмкІэ и кафедрэм и ассистентщ, егъэджакІуэ нэхъыжьщ, доцентщ, иужькІэ абы и унафэщІщ, и профессорщ.

♦**1963 гъэм и дыгъэгъазэм** - кандидат диссертацэр щыпхигъэжкІащ Харьков юридическэ институтым икІи «юридическэ щІэныгъэхэм я кандидат» цІэр къыфІащащ.

♦**1970 гъэм** - «Псэ хьэлэл лэжьыгъэм папщІэ» медалыр къратащ.

♦**1970 гъэм и жэпуэгъуэм** - доктор диссертацэр щыпхигъэжкІащ Харьков юридическэ институтым икІи «юридическэ щІэныгъэхэм я доктор» цІэр къыфІащащ.

♦**1986 гъэм и мэлыжьыхьэм** - «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр къратащ.

♦**1989 - 1992 гъэхэм** - СССР-м и цІыхубэ депутатщ.

♦**1991 - 1993 гъэхэм** - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ.

♦**1992 - 1993 гъэхэм** - Уней хуитыныгъэмкІэ къэхутэныгъэ центрым и советым и унафэщІым и къуэдзэщ.

♦**1992 гъэм** - Къэбэрдей лъэпкъым и конгрессым и унафэщІщ.

♦**1993 гъэм и щыщхьэуІум** - **1994 гъэм и дыгъэгъазэм** - Урысей Федерацэм юстицэмкІэ и министрщ.

♦**1994 гъэм дыгъэгъазэм къыщыщІэдзауэ** - Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатщ.

♦**1994 гъэм** - «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр къыфІащащ.

♦**1995 гъэм и накъыгъэм къыщыщІэдзауэ** - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ.

♦**1995 гъэм и дыгъэгъазэм къыщыщІэдзауэ** - Уней хуитыныгъэмкІэ Урысей еджапІэ нэхъыщхьэм и ректорщ.

♦**1997 гъэм щІыШылэм и 16-м** - Минводы къалэм дунейм щекІыжащ.

ЩІДААА-м и президент Нэхущ Іэдэм йопсалъэ. *Налшык. 1994 гъэ*

Мы сатырхэр щыстхкІэ, си нэгум къыщІоувэ щІыхугъэ лъагэ зыхэлъа хэкупсэ нэсым и образыр - апхуэдэт Къалмыкъ Юрэ. ЩІэх-щІэхыурэ си гупсысэхэм къыхохуэ а адыгэлІ щэджащэм теухуа Іуэхугъуэхэр, иІа гупсысэхэр, и дуней тетыкІар. Хьэлэмэтыракъэ, сигу къэкІыжыхукІи, абы и хьэл-щэным щыщу щІэ гуэрхэр къыІэтэуэх, ипэкІэ гу лъыІэмытауэ е семыгупсысауэ...

Хэкупсэ нэсым и щапхъэ

ЛІЫГЪЭ хэлъу, къикІуэт имыщІэу, захуагъэм, пэжыгъэм дапщэщи я тельхьэу псэуащ ар. Абы и гъэсэн цІэрыІуэ Собчак Анатолий зэрыжиІауэ, Къалмыкъ Юрэ хальытэ 20-нэ лІэщІыгъуэм и юрист нэхъыщхьІ дыдэу тхум. БгъэдэлъщІэныгъэм зэфІиха Іуэхугъуэ инхэмкІэ ар хуагъадэ урым юрист щэджащэхэм, «правэм и лІыхъуэс» зыхуэжаІэу щытахэм. Къэрал лэжьакІуэшхэр, политик Іэзэр, щІэныгъэлІ иныр хъуащ хабзэхэр зэхэзыгъэува икІи занщІэу ГъащІэм хэзыпщэфа юрист-цивилист. Апхуэдэ ипэкІэ зэи щыІакъым, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, дяпэкІи ди тхыдэм къыхэхуэну къыщІэкІынукъым. Ауэ щыхъуакІи, ахабзэхэм щелэжьа зэманыр къэралым и иджырей тхыдэм щыщу нэхъ гугуьхэм ящыщт: совет къэралыгъуэр щызэхэщэщэжым епха зэрыхьэзырийхэмрэ урысей къэралыщІэр ухуэным къиша лъэпощхьэпо къызэрымыкІуэхэмрэ я лъэхъэнэ ткІийрт. Абы щыгъуэ екІуэкІа политикэ Іуэху фІейхэм, жылагъуэм щытепщэ хьуа гъэпщІагъэмрэ щхьэхуещагъэмрэ Къалмыкъыр пхыкІыфащ пщІэрэ щыхьэрэ иІэу, и щхьэми, къэралми, щыхуми емыпщІыжу, хабзэм хуэпэжу. Абы и унафэм щІэту, къэралым и юрист нэхъ цІэрыІуэхэр щыгъуу ягъэхьэзырауэ щытащ хэкум и «экономикэ конституцэкІэ» уэрджэ хъуну УФ-м и Граждан кодексыр. А дэфтэрым пкърылъ купщІэшхуэмрэ лъапІэныгъэу иІэмрэ зэманми властми нэсу нахуэ иджыри щхьащІыфакъым, апхуэдизу абы и мыхьэнэр инщи.

ИлъэсхэР блэкІыурэ, абыхэм нэхъ кІащхъэ ядэхъащ Къалмыкъым и лІэныгъэм куэдым я гум тридзауэ щыта удыныр. ГъащІэм къыщыхъу дэтхэнэ зэхъуакъащІэ къызэрымыкІуэми хуэдэу, зэманыр кІуэтэху, нэхъ наІуэ икІи нэрылъагъу мэхъу Юрэ зэфІэкІыу бгъэдэлъахэр. Абы дэлэжьахэм, гъащІэм щрихьэлІахэм къагурыІуащ а цІыху щэджащэм илэжьыфа Іуэхуэхэр къызэрымыкІуэу зэрыщытар. Ар щыпсэуми къыдгурыІуэрт ар, итІани и кІэм нэсу зыхэтщІэртэкъым. КъызэрыщІэкІымкІэ, езыр дунейм тету тщІымыгъужми, куэдкІэ нэхъыбэ хуащІ щыпсэум и телъхьэу щытахэм нэхъра, Юрэ я унэтІакІуэрэ щапхъэу иджы къэзыльытэхэр. Ар ягу ильщ къэралым и цІыху куэдым, адыгэ лъэпкъым щыщу хэкурысхэми хамэ щыпІэхэм щІэхэми. Абы и щІэин уасэншэм куэдрэ зыхуагъэзэнущ иджырей щІэныгъэлІхэми къэкІуэну щІэблэхэми. ЦІыхубэм къахуигъэна а хъугъуэфІыгъуэм дэтхэнэми къыщигъэтынущ къыпльыхъуэ упщІэм и жуэап купщІафІэ, зыгъэпІейтей Іуэхуэгъуэм и уэкІыпІэ, иригъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм гъуазэ щыхуэхъун.

Сэ си насыпти, Къалмыкъ Юрэ фІыуэ зыщІыхуахэм, дэлэжьахэм, ныбжьэгъуфІу зиІахэм, и гуэзвэгъуэри и гуфІэгъуэри дигуэшу бгъэдэтахэм сащыщащ. Апхуэдэуи си насыпышагъэт, къуэш пэлъытэу сиІа апхуэдэ ныбжьэгъуфІыр пасэу зэрыскфІэкІуэдар, егъэджакІуэу, унэтІакІуэу дапщэщи къэслъытэу щыта нэхъыжьыфІыр зэрыслэщІэкІар... Ар дунейм ехьэжри, си хьэл-щэнкІэ нэхъ сызыхуэныкъуэхэри симыІэж хъуащ: зэпІэзэрыныгъэр, зэІупльынымрэ шыІэныгъэмрэ япэ иту, губжьэр ткІиягъ ямылеяр хэмылъу Іуэхугъуэхэм, къэхъукъащІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кІуэщІрыпльмыш сыхуэзыущиин. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм екІуэкІа зэрыхьэзрийхэм дыздыхэтым або куэдрэ къызжиІэрт: «Юрэ, уи пщтырагъыр тІэкІу бгъэмэщІатэмэ...» Апхуэдэхэм деж сэри мыпхуэдэ жэуап естыжьырт: «Апхуэдэу сыщытыфтэмэ, Къалмыкъ Юрэ етІуанэ сыхъунУ Іэмал сиІэнти...» ЗэрыхьэкІэ, зэрысхуэзэфІэкІкІэ дапщэщи сыхущІэкъурт къысхуищІ дыздыгъэхэр зыхэзныну - абы и дэтхэнэ псальэри ди дежкІэ дыкъызэрыщІыгъдж къабзэм хуэдэт. Апхуэдэ дерс купщІафІэхэр куэдрэ къыщІытырт абы. Аращ Нало Заур Къалмыкъым щыхъуэ «бегъымбар пэлъытэщ ар» щІыжиІар.

Езым иІэ пщІэшхуэм щыщ дэри къытлъитэсэныну хуэйт Юрэ, езыр зытет лъагапІэри къытхуигъэфащэрт. Абы зэ нэхъ мыхъуми хуэза, гъунэгъуу епсэлъылІа цІыхур пабгъэрт игъажьри абы ІущІэну. Малъхъэдисым хуэдэу, зы къару телъыджэ гуэрым ар уи гупсысэм къыхинэрт, ІэщІыб умыщІыфу. ЦІыху къызэрыгуэкІыу, пэжымрэ захуагъэмрэ и гъуазэу гъащІэм хэт ди ныбжьэгъуфІым зыкъыфІэщІыжьын е зыгъэщІэгъуэн жыхуэпІэхэр и пщІыхьи къыхэхуэртэкъым. Зыгуэрым ІуэхуэкІ зыкъыхуигъэза нэужь, абы и дежкІэ нэхъыщхьэр къелъэІур имыгъэщІэхъуу абы игу зэригъэзэгъэнырт - езыр и щхьэ зэи егупсысыртэкъым. СамПІэимыхьэу щымыт, зыкъыхэзыгъэпІиикІынУ хущІэмыкъу апхуэдэ щІыху губзыгъэхэр, зэрыхабзэщІи, тхыдэм езым къыхехри гъащІэм и утыкум кърешэ, аехр зэрыщІэджащэр псоми наІуэ ящищыІи папщІэ.

Апхуэдэу къалэнышхуэхэр и пщІэ къыдэхуаеу щытащ Къалмыкъ Юрэ. Аехр тэрэзу зэфІигъэкІащ, бгъэдэлъа акъылыфІагъэмрэ щІэныгъэ куумрэ, зэпІэзэрытныгъэмрэ гупсысэ шэщІамрэ я фІыгъэкІэ.

ЩЭНЫБЭ Юрэ,
юрист, Дунейпсо университет зэІухам (США, Калифорние) социологиемкІэ и доктор, Абхъаз университетым щІыхь зиІэ и профессор.

Хабзэм и телъхьэ

И унагъуэр и гъусэу. *Москва. 1970 гъэ*

Къэралым и Президентым и УнафэкІэ 1993 гъэм Къалмыкъ Юрэ ягъэувауэ щытащ УФ-м юстицэмкІэ и министру. Хабзэм, хуитыныгъэм нэсу хэзыщІыкІ, абыхэм дапщэщи я телъхьэу къэув а цІыху акъылыфІэм хуэфащэ дыдэт а къулыкъу лъагэр. А лъэхъэнэм къэралыр хуабжьу яхуэныкъуэт Къалмыкъ Юрэ хуэдэ къэрал лэжьакІуэхэм, абы и къэкІуэнум папщІэ жэуапльныгъэ ин зыхэзыщІэ хэкупсэхэм.

ЮРИДИЧЕСКЭ щІэныгъэхэм я доктор, Саратов университетым и профессор Къалмыкъ Юрэрэ сэрэ ильэс куэдкІэ зэпыщІауэ дыщытащ ди лэжьыгъэкІэ, ди ІэщІагъэкІэ. Къэралыкъым пэрыуэзн и пакІэ, Къалмыкъым щІэныгъэ-къэхутэныгъэ купщІафІэхэр щригъэкІуэкІащ зи цІэ къисІуа еджапІэ нэхъыщхьэм, абы граждан правэмкІэ и кафедрэм и унафэщІу щытУ. И къалэмыпэм къыпыкІ лэжьыгъэхэм сащыгъуазэми, езыр и щхьэкІэ сымыцІыхуурэ я екІуэкІащ. Япэ дыдэ Юрэ сыщыхуэзар Москвращ, граждан правэмкІэ кафедрэхэм я унафэщІхэм я къэралпсо зэхуэс екІуэкІыщ. Ди зэхуэзэм Іуэхугъуэфі куэд къриклуащ. ЛэжьыгъэкІэ нэхъри зэпыщІа дыздэрыхьуам къыдэкІуэу, дэ ныбжьэгъуфІи дыздэхуэхъуащ (къыхэзгъэщынщ, щІэныгъэм и дунейм ныбжьэгъу пэж ущыщІрихьэлІэр зэзэмызэхэщ). Ар гукІи псэкІи щыгуфІыкІырт си ехьуІэныгъэхэм, езым къеуэлІа насыпт гуэрым хуэдэу.

Къалмыкъым и гъащІэм хэтащ ехьуІэныгъэ лъагэхэр щызыІэригъэжьаи, фыгъуэ зыхэпъ гуэрхэр къыкІэщІэтхъыхьрэ и къулыкъым щытригъэкІаи. Зэгуэрым абы къыІэщІахат кафедрэм и унафэр. А къалэныр пщэрылъу зыхуагъэлъэгъуа къыдэлажьэ профессор цІэрыІуэм жиІэгъат: «Дэ тщыщу ар зыхуэфащэр профессор Къалмыкъым и закъэуэ». Захуагъэр зэфІэувэжауэ щытащ, цыху пэжым, къабзэм и пщІэри абы щхьэкІэ нэхъ мащи мыхъуауэ.

Зэгуэрым лэжьыгъэ ІуэхуэкІэ Томск дыщыізэрихьэлІат зэныжькъэгъуэху Басиныр, сэ, Къалмыкъыр. Дызыхэта зэІущІэхэр зэфІэкІауэ, къалэм зыщытпльыхьу, дызэдэуэршэру дыздыдэтым, Юрэ жиІащ гъащІэм фІыщІэ ин зэрыхуищІыр, дэ тхуздэ ныбжьэгъуфІ къызэрыритам папщІэ. Дэри Къштцъэщытым фІыщІэ хуэтщІат Къалмыкъым хуэдэ псэ зэІуха зиІэ цІыху абы ныбжьэгъу пэж зэрытхуищІамкІэ.

Бгъэдэлъ зэфІэкІыпхуэхэмкІэ, акъылыфІагъэмкІэ щІэныгъэ зэхуэсхэм къазэрыхэщым хуэдэу, къызэрыгуэкІ зэІущІэхэм дежи псоми къыздэфІэкІырт Къалмыкъыр. СощІэж: МКЪУ-м дунейпсо симпозиум щекІуэкІауэ дызэбгрыкІыж пэтрэ, зэІущІэм хэта бзылъхугъэ псоми удэ гъэгъа Іэрамэ зырызкІэ яхуэупсат ар. Апхуэдэ гуапагъэжэр дахагъэмрэ щытепщэт ар зи нэхъыжь адыгэ унагъуэ екІуми. Юрэ дыхуеблэгъамэ, абы и щхьэгъусэ Октябринэрэ и хъыджэбзищымрэ хьэщІагъэ екІуэ къыдахьыр, зыщыщ бгырыс лъэпкъ уардэм зэрихабзэу.

ОЙГЕНЗИХТ Виктор,
юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, Таджик къэрал университетым и профессор.

ЦІыхухэм папщІэ

Илъэс 30-м щІигъукІэ ныбжьэгъу пэжу сиІам, чэнджэщэгъуфІу, унэтІакІуэу, гъуэгуГъэльагъуэу дапщэщи згъуэту щытам блэкІа зэманым иту сытепсэлъыхьыну хьэлъэщ. Тхьэшхуэм, щІыуэпсым, къызыхэкІа лъэпкъым къыбгъэдэкІыу цІыхум хэлъыфІыну хьэл нэхъыфІхэр зи щэным щызэхэхуэна щэджащэхэм ящыщт Къалмыкъ Юрэ.

ЦІЫХУХЭМ папщІэ псэуащ ар. Къыдэпсэу, зыдэлажьэ, къэзыухъуреихь, ГъащІэм зыщрихьэлІэ дэтхэнэми пщІэрэ нэмысрэ яхуищІут Юрэ зэрабгъэдэтыр, Къалмыкъым дапщэрэ сыхуэмызами, абы хэлъ щэнымфІагъыр зыхэсщІэрт, зыхэсщІэхукІи сыщІэхъуэпсырт абы ещхь сыхъуным. Апхуэдэт ар: цІыхугъэшхуэрэ зэхэщІыкІрэ хэлъу, къызыхэкІа лъэпкъ уардэм хуэфащэ хабзэ дахэрэ нэмысрэ зэрихьэу.

И гъащІэм и иужьрей ильэси 8-р Къалмыкъ Юрэ хуиунэтІащ къэрал къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр екъэкІыным. А зэманым ар апхуэдэ дыдэу гу зэІуакІэ хуэлэжьащ и адыгэ лъэпкъым.

СызэригъэмкІэ, Юрэ апхуэдэ къэралпсо, лъэпкъпсо къалэнхэр пщэрылъ щІызыхуищІыжам щхьэусыгъуитІ иІэщ. Ящрауэ, жылагъуэр экономикэ зэхущытыкІэщІэхэм щыхуэкІуэ лъхъэнэм абы къыгурыІуащ граждан хуитыныгъэмрэ хабзэмрэ хуэлажьэ егъэджакІуэмрэ хабзэубзыхуэ ІэщІагъэлымрэ я лэжьыгъэр зэпэщхьэхуэу щыМытУ, атІэ а Іэнатіэхэм щиІэ зэфІэкІыр, щІэныгъэр зы Іуэхущхуэм - къэрал ухуэныгъэм - хуигъэпсмэ, цІыхубэм я дежкІэ зэрынэхъыфІыр. ЕтІуанэрауэ, игукІэ, и псэкІэ егъэджакІуэ нэсу, лжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ ІэкІуэлъакІуэу зэрыщытым къыжкІыу, абы иФІ зэрыгуфІыну щІыхуэм я бжьгъэм хигъахъуэмэ нэхъ къищтащ: политикэм хьэрэ, университетым и аудиторхэм щІэсхэм Юрэ гъусэ яхуищІащ зи щІэныгъэхэр, къулыкъыкІэ сэбэп зыхуэхъуфыну цІыхубэр. Къалмыкъым и статистикэмра тхьилъхэмра студентхэр, аспирантхэр иреджэнум и закъуэтэкъым иджы, атІэ абы зэхилъхьэ хабзэхэр ялъэІэсынут зыхуэлажьэ къэралым иц цІыху мелуни 150-ми и адыгэ лъэпкъым щыщу хамэщІ зэмылІэужьыгъуэхэр ІэмалынышагъэкІэ псэупІэ зыхуэхъуахэми.

И гурыІэ псоми хунэсакъым а цІыху гъуэзэджэр, сыту жыпІэмэ, абы къалэну зыхуигъэувыжахэр зы цІыху гъащІэкІи пльэмыкІыным хуэдизу абрагъуэт. Дауэ хъуми, куэд, куэд дыдэ хуищІэфащ Къалмыкъ Юрэ и хэкум, и лъэпкъым я зэІуэпэщыгъэм. Абы и гум къарууэ иІар, езы и гъащІэ дыдэр тхьэ яхуищІащ цІыхубэм. Апхуэдэхэр зэи тщыгупщэ хъунукъым.

МОЗОЛИН Виктор,
Москва дэт юридическэ академием и профессор, юридическэ щІэныгъэхэм я доктор.

Чилим щохьэщІэ. *1990 гъэ*

Картер-Центрым къыІэригъэпэща дунейпсо зэІущІэм хэтщ. *США, Атлантэ къалэ. 1993 гъэ*

1997 гъэм щІышылэм и 16. Адыгэу, абазэу дунейм тетым я дежкІэ ар хъуащ хъыбар гуауэ къахуэзыхьа махуае. Лъэпкъпсо лІыхъужь хъуа Къалмыкъ Юрэ и гур къэувыІащ абы щыгъуэ. Вагъуэр ижами, абы идэа нурым и лъэужьыр куэд- рэ иджыри хэгъуэщэнукъым.

Вагъуэм и лъэужьыр

ПОЛИТИК цІэрыІуэм, щІэныгъэлІ щыпкъэм бгъэдэлъа зэфІэкІхэм куэд тепсэлъыхьащ. Ар дунейм щехьажам Урысей Федерацэм и щІэныгъэлІ пажэхэм, къэрал, политикэ лэжьакІуэшхуэхэм псалъэ дахэ куэд хужаІащ. Ар яльэтэрт акъылышхуэ зиІа цІыху жьыжьаплъэу, къэралым и къэкІуэнум папщІэ зигури зилри уз хэкупсэ нэсу.

Абхъаз лъэпкъым хуищІам фІэкІа нэгъуэщІ зы Іуэху Къалмыкъым зэфІимыгъэкІами, дэ къыдбгъэдэкІ фІыщІэм кІэ иІэкъым. Ди лъэпкъ щхьэхуитыныгъэм дапщэщи къыщхьэщыжа политикхэм ящыщащ ар. Ардзинбэ Владислав, нэгъуэщІ политикхэм, щІэныгъэлІ-экспертхэм я гъусэу абы иубзыхуащ ди лъэпкъыр зрикІуэну гъуэгур, ар конституцэ хабзэхэм тригъэувэу, ди зыужьыныгъэмрэ зэІуэзэпэщыгъэмрэ игъэнэхъапэу. Кавказым ис лъэпкъхэми, Урысеймии, дуней псоми щыІэзэпльыІысащ, ДАХ-м и президенту щыту, абы Щы хъурейм щикъуэха адыгэхэм зэрызахуигъэзар, щытыкІэ гугъум ихуа абхъазхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуну къыхуриджэу. Абы и псалъэм игъэпІейтеяуэ щытащ зэрыдыгъэ дунейуэ. Абы иужькІэщ абхъазхэм я телъхьэу зауэм адыгэхэр къыщыхьхьауэ щытар. ЩІалэ куэд фронтым Іухьауэ щытащ, Къалмыкъым Налшык къыщызэригъэпэщауэ щыта апхуэдэ пэкІым икІри.

Куржы-абхъаз зауэр ихуа нэужьи, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат къалэнхэр ирихьэкІыу, Къалмыкъ Юрэ мызэ-мытІэу къыщхьэщыжащ Абхъазым, хабзэм къемызэгъэуу абы тралъхьа экономикэ къуэдыхэр трыригъэхьажьну. Бгырыс лъэпкъым ныбжьэкІа лІы нэсым и лъабакъуэт абы ичар, Шэшэн зауэр яублэну къащта унафэр ядимыІыгъуу, и къулыкъу лъагэр къыщІэгъэнам щыгъуи. Абы ебэлІа зи Іуэхугъуэ сиу къэзгъэкІыжьынц.

1995 гъэм накъыгъэм и 14-м сэ, Абхъаз телевиденэм и режиссёр нэхъыщхьэ Гамгие Амиран си гъусэу, згъэхьэзырырт Къалмыкъ Юрэ и интервью. Ар республикэм щыхьэщІэрт, а махуэхэм зи илъэс 50-р зыгъэлъапІэ Ардзинбэ къригъэблэгъауэ. Гупыр дыздэщыщІэр Новый Афон щыІэ къэрал дачэрт. Къалмыкъым гукъыдэж хъарзынэ иІэт, абы жэуап купщІафІэ икІи убгъуа къаритырт си упщІэхэм. Гу зэрыпльстати, политик цІэрыІуэр хуабжьу ирипІейтейрт Шэшэным щекІуэкІхэм. Абы хэкІыпІэу иІэу къиІыпТэр зыт: зауэр щыгъэтауэ политикэ Іэмалэмкі Абхъазым, хабзэм къемызэгъэуу абы тралъхьа экономикэ къуэдыхэр трыригъэхьажьну. Эфирым папщІэ нэтыныр дгъэхьэзыра нэужь, Къалмыкъыр гупсэхуу къытхутепсэлъыхьыжащ зауэр щідзэн ипэ Шэшэным кІуэуэ Дудаев Джохар зыхуигъэзауэ зэрыщытам. «Шэшэным, Кавказ псом а зауэм къахуихьынур сщІэрт сэ, арщхьэкІэ, си гугъуехьхэм зыри къыкІаІэ...» - гущІыхьхэу жиІэрт абы. Тхыдэдж Анчабадзе Юрэ зэрыжиІауэ, Къалмыкъыр апхуэдизу жыжьэ пльэ политикти, дэтхэнэ Іуэхугъуэм зэрызиужьынури абы къикІынри ищІэрт. Апхуэдэ зэхэщІкІ куу зиІэ куэдрэ къыхэкІыркъым политикхэм.

Ди зэІущІэм и кІэухуэу Къалмыкъыр къыІэпльэІуащ Абхъазым и цІыхубэ усакІуэ, тхакІуэ цІэрыІуэ Шинкубэ Багърэт хуэзгъэзэну. АбыкІэ хъыбар зэзгъэщІа Багърэт гукъыдэжьышхуэ иІэу къыІуащІащ икІи а тІур сыхэтым щІигъукІэ тепсэлъыхьащ абхъаз, адыгэ тхыдэхэм, Кавказ щыналъэм къыщыхьу Іуэхугъуэхэм. Шинкубэ Юрэ хуиІуэтащ и творческэ гурыльхэр. Лъэпкъ литературэм и зыужьыныгъэм фІыуэ щыгъуазэ Къалмыкъми тхакІуэ цІэрыІуэм чэнджэщ гуэрхэр иритырт, езым къыхриІэхэм ящыщи иІыгъ блокнотым иритхэрт. Гухэхъуэт а тІум, зыщыщ лъэпкъхэм я цІыхушхуитІым, я псалъэмакъым укІэлъыплъыну. Ар купщІафІэт, хьэлэмэтт, гупсысэщІэ куэд къыщыхэнэкурт.

Абхъаз лъэпкъым и цІыху цІэрыІуэ куэдым апхуэдэу япыщІат Къалмыкъыр. Абы хужаІэ псалъэхэм ящыщт «нарт лъахэм и бын пажэ», «зи гум и нурымкІэ дунейр зыгъэнэху», «зи дамэпкъыр къытщІэзыгъакъуэ ди къуэш лъапІэ», н.къ.

Ди къалащхьэ Сыхъум и уэрамхэм ящыщ зым нобэ зэрехьэ а адыгэлІ щаджащэм и цІэр. Ди мурадщ абы и фэеплъ сыни къалэм щыдгъэувыну. Къалмыкъ Юрэ иІэта лъэпкъ ныпыр зыІэпыдгъэхункъым, мамырыгъэмрэ зыуэзщІыныгъэмрэ хуэгъэпсауэ щыта абы и гупсысэхэр нахуанІэ щыным дыхущІэкъунщ.

ЗАНТАРИЕ Владимир,
усакІуэ, публицист, тхыдэдж, Урысей щэнгуаэзхэмкІэ Академием щІыхь зиІэ и академик, «Абхъаз - Кавказ Ищхъэрэ» щэнхабзэ фондым и тхьэмадэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзэщ

● ЖЫЭгъуэхэр

УмыщІэ Іуэху умыІуатэ

♦Къэралыр зэрыльэщыр и цІыхум къыхуащІ пщІэрщ.
♦Хьэрычэт зыхэлъ фызым и унагъуэр берычэт щы-щІэркъым.
♦Уиэгъащ щытепщэ унагъуэм лІым и благъэ кІуэрей-къым.
♦Зи щІэныгъэмрэ зи бжыгъэмрэ зыгъэбагъуэ лъэпкъыр псэунущ.
♦ЛІыфІ зыдэс жылэ цІэрыІуэщ.
♦Акъылрэ лІыгъэрэ зыхэлъыр фыгъуэ щыщІэркъым.
♦Щхьэгъусэ зэгурымыІуэжхэм яку дэлъ къаугъэм я быныр хамышэмэ, быным я лъагъуныгъэр яфІэкІуэдыркъым.
♦УмыщІэ Іуэху умыІуатэ, къыпхъэмыІэтын хьэлъэ уемыІэ.

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

● Псалъэжьхэр

ЩІымахуэм къэрэкъурэ гъагъэрэ?

♦ЩІыкІуу къамылъху ин хъуркъым.
♦ЩІыкІу щхьэкІэ - быдэщ, ин щхьэкІэ - надэщ.
♦ЩІыхугъэ зиІэм жагъуэгъуи иІэщ.
♦Чэзу зимыІэ щыІэкъым.
♦Чэнджащэ щыуэркъым.
♦ЩыІэ зиІэм насып иІэщ.
♦Щынэ зиІэм укІытэ иІэщ.
♦Щыпхъум и гур дзэлъхумкІэ гъэзащ.
♦ЩІалэгъуэрэ дахэгъуэрэ зимыІэ щыІэкъым.
♦ЩІымахуэм къэрэкъурэ гъагъэрэ?

● КъэкІыгъэхэм я дуней

Жыгей

Жыгейр жыг абрагъуэщ. Дыгъэ жьэражьэм, уэшхыщхуэм абы и къудамдзэкъм ущахъумэнущ. Ауэ щыблэ, уафэгъуагъуэ щыІэмэ - шынагъуэщ, щыблэр жыгейм еуэнкІэ хъунущ.

Ар адрей жыгхэм нэхърэ нэхъ кІасэу мэгъагъэ. Жыгейхэр ильэс минкІэ мэпсэу. Гъагъэ дыдэу, метр 50 и лъагагъыу дэкІей жыгейхэр щыІэщ. Абы фІэфІкъым уае дыдэр, дыгъэ гуащІэр.

Жыгейм и пхъэм къыхащІыкІ лъэмыжхэр, кхъухьхэр, унэхэр. Жыгей пхъафэр мэлыжьыхь мазэм къытралъэфри, хущхъуэпс къыщІагъэвыкІ. Ар дзэмкІэ, дзэлхэмкІэ щхьэпщ. Абы и мышхумпІэм крахмал къыхащІыкІ.

Бзииху

Жьы хъуа бзииху жыгыр икъуэкІэ дахэщ икІи хьэлэмэтщ. Къудамэхэр инщ, баринэщхуэу дзэнэкІи задэ. Тхьэмпэхэм мэ дахэ къапех. Бзиихум и щІагъыр жьауэщ, щыІэтэпІэщ. Гъэмахуэ хуабэм цІыхур абы и лъабжьэм къыщоувІэ зыщигъэпсэхуну.

Бзиихур хужьу мэгъагъэ. Гъэмахуэм деж бжьэхэр бзиихум и тхьэмпэ Іувым щІэзрызохьэ - и гъэгъа хужьхэм мэ гуакІуэ зыщІыу фо къыхах. Бзиихур щыкуэд мэзхэм я лъапэхэр бжьахъуэхэм увыІэпІэ щІащІыр аращ. Абы и гъэгъам къыпаха фор хущхъуэщ.

Бзиихум Іэмэпсымэ къыхэпщІыкІыну зихуэдэ щыІэжкъым. Абы и пхъэ щабэ хужьыр бгъэцІу, пхъуэ мэхъу. Хьэкъущыкъуи сабийхэр зэрыджэгу хьэпшып цІыкІуи къыхащІыкІ. Абы чей, фэндырэ къыхэпщІыкІыну уасэ иІэкъым.

Бзиихум и пхъафэри хьфІадзэркъым. Ари сэбэпшхуэ мэхъу - матэхэр къыхащІыкІ.

МЭЛЕЙ ФатІимэ.


Жыгей


Бзииху

● Къуажэхьхэр

Зи кур фоупс

♦Дыщафэ щхьэкІэ,
Хьэдэз фІыщІэ гуфІакІэ.

♦Жыгхэм я нэхъ цІыкІу,
Пызу пытщ фІыщІэ цІыкІу.

♦Хамысауэ къэкІ,
Іэщхэр зыхэтхъыкІ.

♦Зи гъэгъар мэ гуакІуэ,
Зи банэр хъумакІуэ.

♦Зи фэр щхъуантІэпс,
Зи кур фоупс.

♦Нащэ гъэжьу гъуэжьыфэ,
Зи кур фоуэ ІэфІыщэ.

Зэхэзыльхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

ЖЭУАПХЭР:

Сэхуэмыштхэ. Сэнэ фІыцІэ ЖІз. ХъэцІэнэ. Хъарбуз. Хъэлэ.

КЪАРМЭ Іэсият

Псысэ укІытэх

Іэубэчыр пхъэпскІэ игъэджэфа псей лъакъуэр зэпиплъыхьыжурэ:

- Уэлэхъэ-э-э, ПцІащхъуэ, мыбы нэхъыфІ зыми тхуимыщІыну-тІэ... Уи псей баринэр тыншу итІысхьэнщ, - жеІэ.

Къантемыр адэшхуэм зи гуГъу ищІыр къыгурымыІуэу:

- ЙолъкІэратэкъэ, дадэ, мыбы идгъэувэнур?

- НтІэ, Іахь! Псейращ. ИгъащІэ лъандэрэ псейщ.

Дадэрэ Къантемыррэ псейр къыщІальэафэ, лъакъуэр щІадзри, къудамэхэр яутхупщІыж.

- Хьэзэщ, лІы цІыкІу. Уи нэгъэцІурэ цІыкІухэр епшэкІыжынщи, хьейдэ, хьэщІэ укІытэхым нащхьэ хуэфщІ.

- Хэт хьэщІэр, дадэ?

- Псысэр, тІу... ИльэсыщІэ псысэр щэхурыкІуэ-укІытэхщ...

Къантемыр дадэ йоплъ, пІейтейуэ сыхьэтым хуоплъэкІыжри:

- Уа-а, мы папэ къэмысыжурэ, си бомбэчкэхэр...

- Сытомбэчкэ, тІу? - щІоупщІэ дадэ, и Іэмэпсымэхэр здыэзщІикъуэжым.

ЩІалэ цІыкІур къышцетхэри, зэрылъэлъу мэдыхьэшх:

- Бом-бэч-кэ, дадэ, пщІэжрэт, Бесльэнхэ я лъэтеувэм щыгъуэ дгъэльэтати?

Дадэ и нэщхъыр зэхеукІэри:

- А бых-бырыбыдых, жиІэу вгъэпІэнкІ шейтІан Іэщ Іагъэра зи Іуэху зепхуэр?

- Ар, дадэ, ИльэсыщІэм деж псоми къагъауэ. ХъуаскІэ пщІыпщІэкъ кІыпыщэщурэ долъэтейри... зэмыфэгъуу... мэункІыфІыжри, аргуэру...

- МэункІыфІыж, жоІэ, итІанэ. Псори зэхьвогъэзэрыхь фэ, ПцІащхъуэ, зэхьвотхъуэ, - и щхьэ хужеІэ дадэ.

- Сыт щхьэкІэ?

- ЩхьэкІи лъэдакъи иІэкъым. Зэхьвотхъуэ псори: уэсри, псейри, таурыхъри, шэкъэуэжри. Псысэр щэкъэуэжкІэ Іувогъэщт. ИльэсыщІэр езыр щтэІэщтаблэу тоувэ. Бырыбыдыхкі дауэ уэзреуэнур абы?

Дадэ и пыІэ щопсыр еутхупщІ, зыщхьэретІэгъэжри, бжэщхьэІумкІэ еунэтІ, Къантемыри дадэ и ужь йоувэ. Абы ещІэ: адэшхуэр щхьэхуэпсалъэурэ щІэшхыдыкІмэ - таурыхъыр къоблагъэ.

Іэубэчыр гупсысэрей щыхъум и деж, пІанэпэ гуэр дэтІысхьэрти, баш иупсыр. Иджкпстуи, мес, хъыданыжьыр и куэщІ ирипхъуауэ, сэ зэгуэлъым иопэщащ. Къантемыр и псейр ихуагъэурэ дадэ зэрыхущІэм йодаІуэ:

- ПІъэгъуакъым уэ ИльэсыщІэ тІурецэ (можжевельник).

- ТІуреци? Дэнэ ар здащэр?

- Здащэр-пІа? Хьы!! Ямыщэ куэд мы дунейм тетщ, ПцІащхъуэ.

- ТІурецэр... мыдэ, зэ Іэвльэв къэхъумэ, удэсшынщ мо Банэкъуэ лъапэ. Абы щыкуэдщ. Е-е-ей, псейуэ щыІэр щІэстынт а зы тІурецэ кІудамэм!

- Сытыт абы кІэрыфщІэр, дадэ?

- МышхумпІэ зытІущ, мы плъыжь гъэгъуа, шыкІуртІым зыбжанэ, мэзыдэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ дахэр - зэрыджэ дэпымрэ къазмакъ гъуэжьыпсымрэ и Іэ-тхьэмпэ зырызыр мо мэ гуакІуэ къызыпих тІурецэ банэм хэдгъэтІысхьэнти... Е-е-ей, фэшхуи темыту, кІуэм къыдэтха банэ дияр зэпыщІащрэ щхъуантІэу, щхъатхрэ дахэу жьантІэм щыдгъафдІэрт....

Хъурейуэ зишыхьурэ упсахуэр баш цІыкІум Іэпыхурт, баШыр игъэджэфжурэ дадэ хэплъызэрт...

Къантемыр къыгурыІуэртэкъым апхуэдизу ягъэдэха тІурецэр иджы зыщыкІытэжыр:

- Дадэ, сытыт ар щІэукІытэр?

- Тхьэм къыгъэщІа пори мэукІытэ, ПцІащхъуэ. ТІурецэр езыри жыг укІытэщ. ИтІанэ, тынш уфІэщІрэ ИльэсыщІэм и фащи и кІалэни эдэпхьыну. Уэлэхъэ, мытынш-тІэ. Ипэщ щыкІэ жыр гъэкІуэтэжьи, фІыщІэ хуэпщІурэ, итІанэ щІэр къишэн, уедэхащІэурэ. А пори зэкІэльыгъакІуэрт тІурецэ банэм къыпих псысэм...

- Дадэ, къеплъыт мыр зэрысхуэпам. Дахэкъэ-тІэ?!

Дадэ, псейм йоплъри, погуфІыкІ:

- Хьэлэмэтлажьэщ, лІы цІыкІу.

Си лъакъуэр бжьэхуэ уэсым щІэна псей баринэшхуэр зэмыфэгъуурэ зэщІопщІыпщІэ.

Уэздыгъэ жьгъейхэм нащхьэ ящІурэ, дадэ иупс баш цІыкІум толыдыкІ.

Сабийр мэгуфІэ: абы елъагуэ псей Іэгъуаупэм къыпыщэт ЩІэхур. ...ПщІантІэмкІэ мэдаІуэ: «Бырыбыдых ящІрэ псысэр ягъащтэмэ»... Зэхех: Псысэр лъапэпщІийуэ ЗэкІэльэІум къыдокІуей... Елъагъу: псысэр щтэІэщтаблэу бжэкъым къыльоІус... МэгуфІэ: псысэр къыщІыхьауэ дадэ здэщыс плІанэпэмкІэ мапльэ...

Псысэр бомбэчкэхэр зэщІикъуэуэ пхъэнкІий идзыпІэм ехь; Іэубэчыр арэзыуэ щІогуфІыкІ; баш цІыкІур джафбзэ мэхъу...

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: **1**. Комозитор, ПащІэ Бэчмырзэ и пхъурылъху. **3**. Тэрч районым щыщ къуажэ цІыкІу. **6**. Адыгэ шхыныгъуэ, шатэм, хьэжьигъэм къыхэщІыкІауэ. Къуэуей цІынэ хэзылъхьи щыІэщ. **7**. Дэнэ щыпІи бэгъуэуз къыщыкІ удэ щхьэгъуэжь дахэ. Бжьэхэм фо къыпах. **9**. Фошыгъу ... е дыщэ ... **10**. Къуалэбзу пщэ кІыхь, лъакъуэ псыгъуэ кІыхь. **11**. « ... бэлътокур уей, жи, уей, Іэгум йокІуадэ ... » - Къэшыгъуэ Биларрэ ЩоджэнцІыкІу Нурийрэ яуса уэрэд цІэры-Іуэ. **14**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ ШэджьхьащІэ Хьэмыщэ и роман. Е лей мыгъэгъуныи теуХуауэ адыгэм нэхъ пасэм яхэлъа хабзэ. **15**. Іэщ гъэхъуным пыща Іэщ Іагъэ. **18**. ПІъэжьыфэ. Е зи нэкІур ... пщащэ. **19**. ... гъущэрылърэ фыз игъэплъа лІырэ. **20**. Пасэрей адыгэ хъыбарегъащІэ. **21**. Жэм лъхуагъащІэм япэ махуэ зытІущым къыщІашам къыхэщІыкІа шэ гъэвэжа. **24**. Іэпсплъэпсым щыщ. **25**. Кавказ Ищхъэрэм сОвет властыр щІэзыгъэуВахэм ящыщ революционер цІэрыІуэ. Абы и цІэр зэрехьэ Налшык и уэрам нэхъ инхэм ящыщзым. **29**. Нарт хъыбархэм къыэзрыхэщІыжымкІэ, Іэщхэм я тхьэ. **31**. Пхъэуадэшхуэ. **32**. ХадзэкъкІ щыхасэн мурадкІэ унагъуэ хадэм щабэу къыщатІа щІы Іыхьэ. **33**. Узыдэмыхьэ ... лы дзэщ. **34**. Пхъэщхьэмыщхьэ пльыжь цІыкІу, шейхадзэ. **35**. МахуэцІэ. **36**. Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист, щэнхабзэмкІэ министр.

Къехьу: **1**. Зи гъэгъар пшэплъыфэ удз лІэужьыгъуэ, ди щІыпІэм куэду къыщыкІыу. Хущхъуэ къыхах, шейхдзэ мэхъу. (УрысыбзэкІэ - шалфей). **2**. Щхьэгъусэм и къуэш. **4**. Дзапэ ... **5**. Зи узынщагъэр зэфІэувэжа сымаджэм ... хуащІыжащ. **8**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **12**. Дин Іэхъуклэ Сауд Хъэрыл къэралыгъуэм щыІа цІыху. **13**. ... зэсэгъу умыщІ. **14**. ... ватхъэ. Е бжэныфэ Іуэтам къыхэщІыкІа гуэр. **16**. Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь тІэуней хъуа урыс тхакІуэ, Нобель саугъэтыр зрата. **17**. Нартыху гъэпсыгъуэ хьэжьигъэ. **22**. Махъсымэ щащІкІэ халъхьэ пщагъэ. **23**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, псым ихьыр абы йопхъуэ. **26**. Кхъухьлъатэзехуэу щыта, Совет Союзым и ЛІыхъжь. **27**. ЩІы кІыиуда. **28**. Сату зыщІым и Іэмэпсымэ. **30**. Бий бзаджэр къуажэм къыхуэкІуэу щыІэзахым, жылэм дэсхэр ... ихьэжащ. **32**. МусЛъымэн диным фІэмыкъабыл ерыскъыхэм щхьэкІэ апхуэдэ жаІэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

● Тхыгъэ кІэщІхэр

ЦІыхур зыхуэдэр къэпщІэну ухуеймэ...

Уигури уи псэри епхьэлІауэ утхэным къикІыркъым птхыр аркъудейм щхьэкІэ фІы хъун хуейуэ. Апхуэдэу утхэми, птхым талант, Іэзагъэ хэмылъынкІэ, ар лъэрымыхьу щытынкІэ хъунущ. Апхуэдэу щымытамэ, зигурэ зи псэрэ тхэным езыхьэлІэ псори тхакІуэ, усакІуэ хъунти. Ауэ талант уиІэн къудейкІи Іуэхур зэфІэкІыркъым, - ар ущымысхьыжу гъэлэжьэн хуейщ. Абы щыгъуэми зыгуэр къохьулІэмэ - уи насыпу аращ. Поэзиер шы мыгъасэм хуэдэ къудейкъым, ар Іэмал имыІэу зэгуэр ягъэсэфынущ икІи ягъасэ, поэзиер зыгъэІурыщІэфыр зырызыхэщ. Абыхэм ящыщ хъуфым и насыпщ.

* * *

Сыт хуэдизкІ критик тетхыхьа Пушкиным! Сыт хуэдизым «къракъуху» ар утыкум къралъха, мор хъуатэкъыми, мыдрейр къехъулатэкъыми, жаІэу! АтІэ дэнэ щыІэ ахэр? Зэманым илъэсащ. Ауэ Пушкинрэ нобэми псэущ икІи псэунущ куэдрэ. Апхуэдэщ генийм и Іуэхур.

* * *

Утхэну уи Іэр шхэ къудейкІэ стІолым убгъэдэтІысхьэ хъунукъым. Іэмал имыІэу фІыуэ пщІэн хуейщ птхынур. Сыт кІуикІми си зэхуэдэ щакІуэм къищэкІунышхуэ щыІэкъым. ТхакІэ «зэщэкІуэн хуейр» куэд щІауэ зыгъэпІейтей, кІуэаракъэ, псэхупІэ къезымыт икІи «къимыукІынкІэ» Іэмал зимыІэ Іуэхугъуэрщ.

* * *

ЦІыхур и лъэпкъым и гум фІыкІэ къиныну хуеймэ, ар и лъэкІыныгъэ псомкІи абы хуэлажьэу, игури и псэри абы и зэІуэпэщ псэукІэм етауэ дунейм тетын хуейщ.

* * *

ЦІыхур къыщІалъхур и Хэкум папщІэ Іэмал имыІэу и гъащІэр итын хуейуэ аракъым, атІэ а Хэкум насыпифІэу щыпсэуну аращ.

* * *

ЦІыхур зыхуэдэр къэпщІэну ухуеймэ, щІэдзІу ар зэрыпсалъэ бзэм. Бзэм къыбжиІэнущ ар хэтми, и гупсысэкъэ, и зэхэщІыкІыр сыт хуэдэми.

* * *

Лъэпкъышхуэ, лъэпкъ зызыужьауэ зызыльытэжхэр тынш дыдэу Іэлу зокІуэкІ, ахэр зыщІэкъуэхэм (къаззэн, зэрыпхъуэн, тепщэ хъун) зыгуэрхэр зэрыпэуву. Аращи, цивилизацэр зыщыпІи нэсакъым. И пІэм итщ.

* * *

Дыззрыт зэманым утетхыхьын папщІэ Лыхъужькъыпхуэгъуэтыркъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, апхуэдэ хэткъым иджырей ди гъащІэм. АтІэ хэт хэтыр? ЛІыыкІэр, сондэджэр пцІыупсэр, пСори зззыльфэлІэну щІэкъухэр, ахъшэр тхьэуэ зыльытэхэр, абыхэм хуэдэ нэгъуэщІхэри.

* * *

«ХьэтІэхъущокъуэхэ ямейр ягъэфІ, я фІыр яшхьк», - жиІэгъащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Мы псалъэхэр зэрыщыту адыгэ лъэпкъым ехьэлІащ. Арщ куэд щІауэ дызыгъэунэхьур. Абы щыхьэт тохъуэ Щоджэнщ ІыкІу Алии: «ФыгъуэР, ижэр зи нэрыгъыр Ар фыхуеймэ адыгэпщІырщ», - щыжеІэ абы «Къамботрэ Лацэрэ» романым. Адыгэпщыр къэзылъхьажар адыгэ анэщ, адыгэ лъэпкъырщ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

● Лъэпкъ шхыныгъуэ

Зэпкърымыхауэ гъэжьа гуэгушыл

Гуэгушыр ягъэкъабзэри, псы щІыІэкІэ фІыуэ ятхьэщІ. Щхьэри, лъакъуэхэри, нэгэгъури, тхьэмщыгъуэри зыхуэй хуагъазэ. Гуэгушылми и кІуэцІфэцІми шыгъу щахуэ, фІыуэ хагъэхьэу. ИтІанэ ар дагъэ хэспІъа зэрыт тебэшхуэм иралъхьэ, и щыбыр егъэзэхауэ, кІуэцІфэцІри щыгъуэ. Гуэгушылым и щхьэфэм шатэ щахуэ, псы пщтыр тІэкІу щІакІэри, хъэкульэкІэ ягъажьэ сихьэтитІ хуэдэкІэ. ЩыжьжкІэ езым къыщІэж псыри, шати гуэгушым щыхуэн хуейщ, и теплъэкІэ тхъэплъ дахэ хъун щхьэкІэ.

Лы жьар тебэм кърахыжри, тепщэчым иралъхьэ. Тебэм къина псыри дагъэри яз, езы тебэр ятхьэщІри гъущэу ялъэщІыж, ар мафІэм трагъэувэри, тхъу иракІэ. Абы щыкІу-щыкІуурэ упщІэта бжьыныху, шыбжий плъыжь сыр хьэжа халъхьэри, бжьыныхум дыщафэ къытеуэху ягъэлыбжьэ. Гуэгушылым къыщІэжа лэпс дагъэр щІакІэ, мафІэр щыкІу ящІри, тебащхьэр теплъэу дакъикъи 6 - 7-кІэ къагъавэ. Тебэр къытрахыж, джэдгын хаудэри, и щхьэр теплъэу дакъикъи 4 - 5-кІэ щагъэт.

Іэнэм щытрагъэувэкІэ, гуэгушыр Іыхьэ-Іыхьэурэ зэпкърах е якъутэ, тепщэчым иралъхьэри, бжьыныху лыбжьэ тракІэж. ПІастэ хуабэ и гъусэу пщтыру яшх.

Халъхьэхэр *(щыхуу тІощІ Іыхьэ):*

Гуэгушу - 1 (г 8000)
Тхъуэ - г 200
Бжьыныху укъэбзауэ - г 300
Шатэу - г 250-рэ
Псывэу - г 150-рэ
Лэпсу е псыуэ - г 460-рэ
Шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдизэ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхьжащ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖЬэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**



Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкІэ - 42-22-86; къуэрэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхьуэмэ Іуэхущапхэм ядэлажьэмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльц КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапхэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 2.214● Заказ №12